



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 251 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU EFÒ PREPARASYON AK ANTI-TEWORIS

*Finansman an pral ede kominote atravè tout eta a yo prevni, reponn a, epi rekipere yo apre katastwòf ak ijans dorijin natirèl ak imèn yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 251 milyon dola sibvansyon federal ki pral soutni aktivite anti-teworis ak aktivite preparasyon ijans toupatou nan New York. Finansman an, ki soti nan Ajans Federal Jesyon Ijans la (Federal Emergency Management Agency, FEMA) nan kad Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Enteryè li a (Homeland Security Grant Program) pou ane fiskal 2021 an, ap soutni efò preparasyon pou sekirite enteryè rejyonal, sa ki gen ladan aktivite planifikasyon, òganizasyon, ekipman, fòmasyon ak egzèsis ki esansyèl pou mentni ak amelyore kapasite prevansyon, pwoteksyon, entèvansyon ak rekiperasyon. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) nan Eta New York jere pwogram sa yo nan kolaborasyon etwat avèk entèvenan lokal yo.

"Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se youn nan responsabilite ki pi esansyèl epi finansman sa a pral ede lokalite ak enstitisyon yo prepare pou defann yo kont plizyè kalite menas, soti nan katastwòf natirèl rive nan menas terè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye Administrasyon Biden lan ak patnè nou yo nan Kongrè a dèske yo travay avèk nou pou fè investisman nesesè ki pral ede pwoteje nou kont enpak chanjman klimatik, ansanm ak sila yo ke zak vyolans epouvantab ki baze sou rayisans nou te wè k ap dewoule atravè nasyon an kreye".

**Manm Kongrè Adriano Espaillat (NY-13) te deklare,** "Soulèvman 6 janvyè a epi atak ak krim rayisans sible nan lari Vil New York yo te aprann nou pa ka pran anyen kòm yon bagay garanti - espesyalman lè sa gen pou wè ak sekirite kominote ak enstitisyon ki pi enpòtan nou yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul nan anons jodi a pou distribye finansman federal sa a ke mwen te ede garanti pou sipòte plis efò anti-teworis ak preparasyon ijans atravè gwo Eta New York la. Sa ap mande chak nan nou pou nou travay ansanm pou asire preparasyon kominote nou yo pou kontrekare ak prevni atak alavni yo - epi finansman sa a pral asire eta nou an kapab prepare, reyaji ak rekonstwi apati nenpòt kriz ak kenbe kominote nou yo an sekirite".

**Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo, Terence J. O'Leary, te deklare,** "Fon sa yo pral ede konte ak vil yo ranfòse efò anti-teworis yo kont menas lokal ak entènasyonal yo, ansanm ak ranfòse sekirite nou nan nò fwontyè a. Divizyon an angaje pou ede patnè lokal nou yo ranfòse posti preparasyon ijans yo ak pwoteje Nouyòkè yo kont zak teworis".

**Stephen J. Acquario, ki se Direktè Egzekitif NYSAC, te deklare,** "Swa se yon katastwòf natirèl, pandemi sante global oswa zak teworis, konte yo se lidè avangad pandan yon ijans, kowòdonasyon repons ak mobilizasyon resous pou pwoteje sitwayen nou yo. Preparasyon se kle pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi nou felisite Gouvènè Hochul dèske li bay gouvènman lokal yo resous yo bezwen pou asire lè pwochen ijans lan rive, lidè konte yo ekipe avèk zouti ak fòmasyon pou reponn yon fason efikas".

Pwogram Sibvansyon Sekirite Enteryè FEMA a gen ladan twa sibvansyon apa ki gen risk ki vize ede efò eta, lokal ak tribal yo pou anpeche, prepare, pwoteje kont ak reponn ak zak teworis yo. Pwogram sa yo se Pwogram Sekirite Enteryè Eta a (State Homeland Security Program, SHSP), Inisyativ Sekirite Zòn Iben ak Operasyon Stonegarden.

Pwogram Sekirite Enteryè Eta a (State Homeland Security Program) - 70.6 milyon dola  
Pwogram Sekirite Enteryè Eta a bay finansman pou prevni, pwoteje kont, reponn a, ak rekipere apre zak teworis ak lòt dezaz katastwofik yo. Dapre direktiv federal la, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans yo bay 80% finansman sa a ak jiridiksyon lokal yo. Sa gen ladan lis prim anba a yo, ansanm ak yon swit sibvansyon sible siplemantè ki pral disponib nan mwa k ap vini yo. Eta a itilize rès 20% finansman an pou ranfòse plis posti anti-teworis New York ak preparasyon ijans nan tout eta a. Investisman yo te obligatwa pou sipòte zòn priyoritè annapre yo pou devlope kapasite nan tout eta a:

- Ranfòse Entèlijans ak Kapasite pou Pataje Enfòmasyon
- Amelyore Kapasite Sekirite Enfòmasyon
- Rezoud Menas k ap Fè Sifas yo
- Ranfòse Pwoteksyon Sib Fasil/Plas ki Gen Foul
- Konbat Ekstremis sou Vyolans Domestik

**Peter A. Baynes, ki se Direktè Egzekitif Konferans Majistra Eta New York (New York State Conference of Mayors, NYCOM), te deklare,** "Majistra New York yo remèsye Gouvènè Hochul pou efò konsète li pou pèmèt sekirite enteryè ak preparasyon ijans enpòtan sa a deplwaye bay gouvènman lokal yo nan tout New York. Priyorite prensipal chak lidè lokal se pou pwoteje sante, sekirite ak byennèt sitwayen yo epi finansman sa a pral fè yon bon wou jiskaskè li akonpli misyon sa a. NYCOM enpasyon pou kontinye travay depre avèk Gouvènè Hochul pou kreye yon patenarya eta-lokal ki djanm".

Men lis montan sibvansyon yo:

<u>Benefisyè Sibvansyon</u>	<u>Sibvansyon Total</u>
-----------------------------	-------------------------

Albany County	\$635,474
City of Albany	\$301,359
Allegany County	\$59,750
Broome County	\$311,551
Cattaraugus County	\$136,570
Cayuga County	\$132,303
Chautauqua County	\$170,713
Chemung County	\$145,106
Chenango County	\$93,892
Clinton County	\$128,035
Columbia County	\$76,821
Cortland County	\$51,215
Delaware County	\$85,356
Dutchess County	\$574,070
Erie County (City of Buffalo)	\$1,734,163
Essex County	\$102,428
Franklin County	\$59,750
Fulton County	\$72,553
Genesee County	\$98,160
Greene County	\$98,160
Hamilton County	\$42,678
Herkimer County	\$76,821
Jefferson County	\$110,964
Lewis County	\$46,946
Livingston County	\$128,035
Madison County	\$106,696
Monroe County	\$513,361
City of Rochester	\$450,350
Montgomery County	\$102,428
Nassau County	\$1,820,278
City of New York	\$30,135,400
Niagara County	\$563,278
Oneida County	\$226,103
Onondaga County	\$396,263
City of Syracuse	\$254,629
Ontario County	\$170,714
Orange County	\$924,546
Orleans County	\$89,625
Oswego County	\$166,445
Otsego County	\$93,892

Putnam County	\$234,731
Rensselaer County	\$336,602
City of Troy	\$154,378
Rockland County	\$635,907
Saratoga County	\$247,535
Schenectady County	\$272,829
City of Schenectady	\$203,670
Schoharie County	\$81,089
Schuyler County	\$46,946
Seneca County	\$51,215
St. Lawrence County	\$157,910
Steuben County	\$110,965
Suffolk County	\$1,180,103
Sullivan County	\$179,249
Tioga County	\$59,750
Tompkins County	\$98,160
Ulster County	\$230,463
Warren County	\$68,285
Washington County	\$68,285
Wayne County	\$145,106
Westchester County	\$1,367,888
Wyoming County	\$59,750
Yates County	\$34,143
<b>Total</b>	<b>\$47,511,840</b>

Inisyativ Sekirite Zòn Iben yo (Urban Areas Security Initiative) - 178.7 milyon dola  
 Finansman sa a bay ak jiridiksyon ki nan zòn metwopoliten Vil New York la nan kad sibvansyon Inisyativ pou Sekirite Zòn Iben yo. Rejyon an pral itilize lajan sa a pou sipòte ak ranfòse pwogram anti-teworis enpòtans yo. Dapre règleman federal yo, yo atribye 80% nan sibvansyon an bay kolaboratè nan Gwoup Travay Zòn Iben (Urban Area Working Group) rejyon an, gras a yon pwosesis ki baze sou konsansis, epi akò konsansis la pou fon sa yo dekri pi ba a.

Yo pral atribye yon lòt 18,032,588 milyon dola ki antre nan sibvansyon ki pi ba a pou Vil New York nan pòsyon Eta a nan sibvansyon Inisyativ pou Sekirite Zòn Iben yo pou Ane Fiskal 2021 la, pou rekonèt pozisyon san parèy Vil la an tèm menas posib aktivite teworis. Eta a ap itilize finansman ki rete a pou ranfòse plis posti anti-teworis New York ak preparasyon ijans nan zòn iben an.

Men lis montan sibvansyon yo:

<b><u>Benefisyè Sibvansyon</u></b>	<b><u>Sibvansyon Total</u></b>
Port Authority of New York and New Jersey	\$10,662,602

Westchester County	\$2,649,658
City of Yonkers	\$2,649,658
Suffolk County	\$2,649,658
Nassau County	\$2,649,658
City of New York	\$139,771,354
<b>Total</b>	<b>\$161,032,588</b>

Pwogram Sibvansyon Operasyon Stonegarden (Operation Stonegarden Grant Program) - 1.9 milyon dola

Sibvansyon sa a ofri finansman esansyèl pou amelyore koperasyon ak kowòdonasyon ant ajans fòs de lòd federal, eta, lokal ak tribal yo gras a soutyen operasyon konjwen k ap fèt sou fwontyè nò a.

<u>Benefisyè Sibvansyon</u>	<u>Sibvansyon Total</u>
Cayuga County	\$121,500
Chautauqua County	\$103,300
Clinton County	\$250,000
Erie County	\$100,000
Franklin County	\$290,000
Jefferson County	\$125,000
Monroe County	\$100,000
Niagara County	\$140,000
Orleans County	\$100,000
Oswego County	\$100,000
St. Lawrence County	\$300,000
St. Regis Mohawk Tribe	\$81,900
Wayne County	\$111,600
Wyoming County	\$63,000
<b>Total</b>	<b>\$1,986,300</b>

**Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

The [Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York la](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, epi retabli apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas yo, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [DHSES Facebook page](#), swiv [@NYS DHSES sou Twitter](#), oswa [Instagram](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###